



# Fanmi Lavalas

## **Nòt Pou Laprès**

**17 Jen 2022**

Swit ak gwo mouvman leve kanpe ki fèt jedi 16 Jen an nan depatman Sid peyi a, espesyalman nan Okay, Oganizasyon Politik Fanmi Lavalas bat bravo pou kouraj ak detèminasyon n nan batay pou chanjman an. Pèp ayisyen an pwouve yon lòt fwa ankò li vle kondisyon lavil chanje, li swaf bon jan Sekirite.

Fanmi Lavalas envite majorite a pou kontinye fè Inite nan dis depatman peyi a ak nan onzyèm nan pou nou kwape tout kalte ensekirite anndan peyi a pou nou ka sikile san kè sote, pou pitit nou ka al lekòl, pou nou ka viv tankou moun.

Van tèt ansanm sa dwe kontinye soufle pi fò nan tout sektè nan tout kwen anndan peyi a. Fòk sekirite blayi anndan peyi a.

Yon sèl nou fèb, Ansanm nou Fò, Ansanm Ansanm, NOU SE LAVALAS

### ***Komite Ekzekitif Fanmi Lavalas***

Dr. Maryse Narcisse  
M. Joël Edouard Vorbe  
Dr. Jean Myrto Julien  
Agr. Anthony Dessources